



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ KI KOUTE 17 MILYON DOLA
POU REYABILITE PON KI RELYE ASTORIA BOULEVARD ANSANM AK RAMP
SOTI POU ALE NAN DIREKSYON LÈS EXPRESSWAY BROOKLYN-QUEENS POU
ALE NAN DIREKSYON LÈS GRAND CENTRAL PARKWAY NAN QUEENS**

***Nouvo platfòm otowout ak travès an asye amelyore sekirite ak amelyore vwayaj
sou otowout yo frekante anpil yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon pwojè 17 milyon dola ki pral amelyore sekirite epi amelyore kondisyon kondwit sou pon ki relye Astoria Boulevard sou ranp sòti Brooklyn-Queens Expressway (I-278) nan direksyon lès pou ale nan direksyon lès nan Grand Central Parkway nan Queens. Pon an, ki se yon wout yo frekante anpil sèvi kòm wout aksè enpòtan ak Ayewopò LaGuardia, te reyabilite ak yon nouvo platfòm otowout, nouvo travès asye ki reziste kont wouy, ak ekleraj amelyore.

"Revitalize enfrastrikti transpò nou yo atravè New York pou pi byen sèvi kominote nou yo se youn nan pi gwo priyorite mwen yo, se poutèt sa nou te investi nan reyabilite pon sa a ki lye Astoria Boulevard - yon koneksyon vital nan yon koridò ki non sèlman bay aksè ak Ayewopò LaGuardia, men tou ki se kay anpil magazen ak biznis nan Queens", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a bati sou siksè inisyativ nou yo pou amelyore mobilite ak sekirite pou otomobilis yo pandan y ap sipòte ekonomi lokal ak rejyonal yo pou plizyè deseni kap vini yo."

Pwojè a ranplase travès an asye pon an ki egziste deja pa nouvo travès ki rezistan kont wouy pou diminye bezwen pou penti. Li genyen metal an asye pou anpeche kowozyon andedan platfòm otowout la epi li gen mwens jwenti yon fason pou diminye flit dlo ak minimize domaj nan eleman estriktirèl yo. Pwojè a bay otomobilis yo yon sifas ki pi lis tou.

Amelyorasyon adisyonèl enkli yon nouvo sistèm drenaj, ekleraj LED anlè ak anba pon an, baryè sekirite pou pon an, kloti, ak sèvis piblik modènize ki gen ladan nouvo liy dlo, elektrik ak gaz. Pwojè a genyen tou yon nouvo twotwa sou bò sid pon an ki konfòm ak Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York ap investi nan kalite pwojè ki kreye yon rezò transpò ki pi rezistan epi ki amelyore sekirite ak entegrite wout ak pon nou yo. Pwojè sa a ki nesesè anpil nan Queens lan pral amelyore vwayaj sou youn nan wout ki pi enpòtan nan minisipalite a epi li reprezante angajman kontinyèl nou pou modènize enfrastrikti nou an."

Senatè Eta Jessica Ramos te deklare, "Pon sa a se yon lyen enpòtan ant de atè transpò piblik prensipal nan Queens, youn ladan yo pwouve ke li danjere. Pandan amelyorasyon nan Ayewopò LaGuardia ap kontinye, mwen rekonesan anpil pou envèstisman yo nan asire zòn ki antoure yo jwenn swen yo bezwen pou jere ogmantasyon sikilasyon yo prevwa alontèm."

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr. te deklare, "Pwojè reyabilitasyon pon ki pote siksè sa a se yon etap enpòtan nan fason pou amelyore aksè ak Ayewopò LaGuardia ak pou rann sikilasyon an lis nan tout zòn ki toupre a", deklasyon Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards Jr. "Motoris ki sèvi ak seksyon Astoria Boulevard sa a pral byento reyalize ke ale LaGuardia ak lòt kote nan Queens pral pi fasil epi pi an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez, dèske yo fè travay sa tounen yon priyorite".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418